Bul oyın usılı oqıwshılardı birge islesiwge tárbiyalaydı. Tekst dúziw uqıplılıǵın rawajlandırıp, pikirlew sheńberin keńeytedi.

Sabaqtıń aralas túrlerinde, tákirarlaw sabaqlarında bul oyın usılınan nátiyjeli paydalanıw múmkin.

«Sózlerdi durıs jaz» texnologiyası. Bul oyındı shólkemlestiriwden maqset oqıwshılardı stilistikalıq qátelerge jol qoymaslıqqa úyretedi.

Oqıtıwshı sózlerdın ornın almastırıp proyektor arqalı ekranda kórsetedi hám oqıwshılar sózlerdi durıslap jazadı.

Máselen:

(Almastırılǵan) Mashina shań kóterildi júrip ketkennen soń, izinen.

(Dúzewlengen) Mashina júrip ketkennen soń, izinen shań kóterildi.

«Mánilesin tap» oyını. Bunda aq qaǵaz hám markerden paydalanıp oyın shólkemlestiriledi. Oqıwshılar klass taqtasında náwbet penen aq qaǵazdan berilgen sózdiń mánilesin tawadı.

Máselen:

Bet – júz, kelbet, túr-túsi, sını.

Óliw – ájeli jetiw, qaza bolıw, kózjumıw.

Kúshli – ǵayratlı, quwatlı, qarıwlı.

Bunda oqıwshınıń sóz baylıǵı artadı. Sózlerge itibarlıraq boladı hám olardı óz ornında qollanıw tájiriybesi rawajlanadı.

«Sózge sóz» oyını. Bul usılda qarama-qarsı sózlerdı ózara keltiriw yáki sózdiń aqırǵı háribine sóz tabıw siyaqlı jol menen shólkemlestiriledi.

Bul proceste toptan paydalanılsa, oqıwshılarda keypiyat kóteriledi, fizikalıq háreket arqalı dem alıw waqıtın shólkemlestiriw múmkin.

Máselen: 1-oqıwshı: «Aq» dep toptı ekinshi oqıwshıǵa ılaqtıradı, ekinshi oqıwshı «Qara» dep toptı ılaqtıradı. Keyingi oqıwshı aqırǵı hárip «a» ǵa «Ashshı» dep baslasa, keyingi oqıwshı «Shiyrin» dep juwap beredi. Náwbettegi oqıwshı «Nan» dep toptı ılaqtırsa, keyingi oqıwshı «Nál» dep dawam ettiredi. Bul oyın oqıwshılardı tapqırlıqqa, shaqqanlıqqa hám sóz baylıǵın asırıwǵa járdem beredi.

Juwmaqlap aytqanda, baslawısh klaslarda ana tili páninen sabaq waqıtlarında oqıwshınıń jazba sawatlılıǵı, imla qaǵıydaların jaqsı ózlestirgenligi hám shıraylı jazıwdı inabatqa alıp, jańa pedagogikalıq texnologiyalar, oqıwshılarda sóz baylıǵın arttırıwda oyın usıllarınan paydalanıwdı shólkemlestiriw keleshekte jetik intellektual ilimli áwladtı tárbiyalawda áhmiyetli tiykar bolıp esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Baykabilov U.A. Ta'limda innovatsion pedagogik texnologiyalardan foydalanish bosqichlari. Science and Education., 1 (Special Issue 2), 2020.

2. Bayzakov J.A. Pedagogik texnologiyalardan foydalanib ta'lim berishda o'qituvchiga qo'yilgan talablar. Science and Education, 1(7). 2020.

3. Jumaniyozov S A. Umumiy o'rta ta'lim maktablarida ona tili fanini o'qitishda ona tilidan sinfdan tashqari ishlarni tashkil etish. Science and Education, 1 (Special Issue 2). 2020.

4. Rasulova R.B. Ana tili pánin oqıtıwda intalı oqıwshılardı anıqlaw hám olardıń sóylew mádeniyatın rawajlandırıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw. Tálim, pán hám innovaciya, 1(2).



**REZYUME.** Bugungi kunda mamlakatimizda ta'lim jarayoniga, jumladan boshlang'ich sinf o'quvchilarining bilim olishi va ularga ta'lim beruvchi o'qituvchilarni rag'batlantirishga katta e'tibor qaratilmoqda. Bu esa ustozlarga katta javobgarchilikni yuklaydi. Ushbu maqola boshlang'ich sinf ona tili darslarini samarador tashkil etishda o'yinlardan foydalanishning ahamiyatiga mo'ljallangan.

**РЕЗЮМЕ.** Сегодня в нашей стране большое внимание уделяется образовательным процессам, в частности, обучению учащихся и поощрению учителей, которые их обучают. Это возлагает большую ответственность на учителей. Данная статья посвящена описанию значимости использования игр в эффективной организации уроков родного языка.

**SUMMARY.** Today in our country a lot of attention is paid to the educational process, in particular, the education of students and the motivation of teachers who teach them. That puts a lot of responsibility on teachers. This article focuses on the significance of using games in the effective organization of mother tongue lessons.


## BASLAWÍSH TÁLIM ANA TILI SABAQLARÍNDA OQÍWSHÍLARDÍ ERKIN PIKIRLEW HÁM DÓRETIWSHILIKKE ÚYRETIW


**G.Sh.Konısbayeva**– *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** pedagogika, boshlang'ich ta'lim, ona tili, zamonaviy texnologiyalar, o'qitish usullari.

**Ключевые слова:** педагогика, начальное образование, родной язык, современные технологии, методика обучения.

**Key words:** pedagogy, primary education, mother tongue, modern technologies, teaching methods.


Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 6-apreldegi «Ulıwmalıq orta hám orta arnawlı, kásip-óner táliminiń mámleketlik bilimlendiriw standartların tastıyıqlaw haqqında»ǵı 187-sanlı qararı, 2019-jıl 29-apreldegi "Ózbekstan Respublikası xalıq tálimi sistemasın 2030-jılǵasha rawajlandırıw konsepsiyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı PF-5712-sanlı Pármanında belgilengen bir qatar wazıypalar oqıwshılardıń lingvistikalıq hám sóylew kompetensiyaların rawajlandırıp, sózlik baylıǵın arttırıwda tayanısh boldı.

Baslawish tálim ana tili sabaqlarinda oqíwshílardí erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiw ushın birinshiden, oqıtıwshınıń bilimdanlıǵı, mektepte bilim beriwdiń maqseti, tálim-tárbiya wazıypaları, dúzilisi hám mazmunın puqta bilip alıw bolsa, ekinshi tárepten, sabaq hám sabaqtan tısqarı shınıǵıwlardı durıs shólkemlestire alıw hám bul shınıǵıwlarda oqıwshılardıń sabaq ózlestiriwine basshılıq etiw, olarǵa ideyalıq – siyasiy hám ádep-ikramlılıq tásir kórsetiwdiń usılların, ámelde olardan durıs paydalana biliw hám de onı jetilistirip barıwda áhmiyetli.

Tálim mazmunı adamzat toplaǵan tayar bilimler, kónlikpe hám qánigeliklerdi puqta iyelew menen birge, oqıwshılardıń erkin piker júritiwi, dóretiwshilik isler qábiletleriniń ósiwin támiyinley alatuǵın dóretiwshilik iskerliktide ózinde birlestiriwi kerek.

Oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiw hám olarda zárúr kónlikpe, uqıplılıqların júzege keltiriwde tálim mazmunı menen birge oqıtıw metodları da áhmiyetke iye [2].

Baslawish tálim ana tili sabaqlarında oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiw – oqıtıw hám úyreniwdi shólkemlestiriw processinen ibarat. Demek, ana tilin oqıtıw metodları oqıtıw hám úyreniwdi shólkemlestiriwge qaratılıwı kerek.

Keń mániste qollanılatuǵın «metod» oqıtıwdıń óz aldına qoyǵan maqsetlerine erisiw, belgili tiykardı ózlestiriwdegi teoriyalıq hám ámeliy iskerliklerin ańlatadı. Oqıtıw metodları bilimlendiriw processinde oqıtıwshı hám oqıwshılardıń kútilgen maqsetke erisiwge qaratılǵan birgeliktegi iskerligininń qanday bolıwın, oqıtıw processin qanday shólkemlestiriw hám alıp barıw kerekligin belgilep beredi.

Oqıtıw metodları hár eki iskerliktiń, jańa oqıtıwshı tárepinen oqıwshılardı bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlar menen qurallandırıw hám de oqıtıwshılar tárepinen sol kózde tutılǵan ilimiy bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardı ózlestiriw iskerliginde qollanılatuǵın jollardı óz ishine aladı.

Bilimlendiriw processindegi belgili bir maqsetti ámelge asırıwǵa qaratılǵan iskerliktiń túrlishe bolıwı jańadan-jań ausıllardı keltirip shıǵaradı.

Bilimlendiriw processi yamasa ol yáki bul metod hám qurallardı óz ishine alǵan bolıwı múmkin [3].

Baslawish tálim ana tili sabaqlarında oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiw sistemasında oqıwshılarǵa bilim beriwdiń eń qolay imkaniyatlarına tiykarlanıp ana tilin oqıtıwdıń tómendegi usılları usınıladı:

1) Ana tilin oqıtıwdıń awızeki usılı.
2) Ana tilin oqıtıwdıń kórsetpeli usılı.
3) Ana tilin oqıtıwdıń ámeliy usılı.
4) Ana tilin oqıtıwdıń mashqalalı – izleniw hám reproduktiv usılı.
5) Oqıtıwdıń induktiv hám deduktiv usılı.
6) Óz-betinshe jumıs usılı.
7) Oqıwshılardıń oqıw iskerligin xoshemetlewge tiykarlanǵan usılı.
8) Oqıtıwda qadaǵalaw hám óz-ózin qadaǵalaw usılı.
9) Kitaplar menen islew, nızamlar hám basqa hújjetler menen islesiw usılı.

Hár bir sabaqqa hám sabaqtan tıs shınıǵıwǵa tayarlanıw sabaq hám shınıǵıw maqsetin, olardıń tálim-tárbiyalıq wazıypaların belgilewden baslanadı. Oqıw materiallarınıń mazmunına muwapıq onıń tálim-tárbiya wazıypaların ámelge asırıwǵa járdem beretuǵın metodikalıq usıllardı durıs hám ilimiy tiykarda tańlap alıw oqıtıwshınıń bul boyınsha teoriyalıq bilim dárejesi hám metodikalıq usıllar sistemasın qanshelli ózlestirip alǵanlıǵına baylanıslı.

Baslawish tálim ana tili sabaqlarında oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiwdiń birinshi basqıshı – oqıwshılarda túsinikler qáliplestiriw bolıp tabıladı. Ekinshi basqısh – oqıtıwshı Bergen maǵlıwmatlardı sabaqlıq, qosımsha ádebiyatlar menen salıstırıp, bilimin keńeytiw, bekkemlew ústinde izleniw, bul boyınsha erkin pikirlep, analizlew.

Bul basqıshlardı ámelge asırıwda oqıtıwshınıń túrli usıllardan paydalanıwı maqsetke muwapıq boladı. Pedagogika páni usınǵan usıllardan tısqarı social pánler, ásirese, tariyx pánin oqıtıwdıń tórt túrin tariyxshı alım A.Sádiev usınadı, bular:

- este saqlap qalıw usılı;
- mashqalalı usıl;

s) logikalıq wazıypalar usılı;
d) izertlew usılı.

Oqıtıwdıń este saqlap qalıw usılında oqıwshılar úyrenilip atırǵan materiallardı este puqta saqlap qalıwları hám onı qayta sóylep beriwi múmkin. Bul usıldıń áhmiyetli tárepi sonda, ol qısqa waqıt ishinde úlken kólemdegi bilimlerdi úyreniw hám oqıwshılar dıqqatınıń rawajlanıwına járdem beredi. Biraq, bul usıl oqıwshılarda ana tilin úyreniwge qızıǵıwshılıq oyata almaydı, olardıń oylawı, bilimi, uqıplılıǵı hám qábiletleri rawajlanıwın támiyinley almaydı.

Usıllar klassifikaciyası: awızeki, jazba tekst, kórgezbeli, ámeliy, produktiv hám reproduktiv. Metodtıń usıl hám qurallar menen jámleskenligin támiyinlew.

Awızeki usıldıń gúrriń túri kóbirek baslawısh klaslarda qollanıladı.

Oqıtıwshınıń tásirli sóylewi emocional hám isendiriwshi kúshke iye. Tásirli sóylesiw oqıwshı sanasına tez jetip baradı, onı belgili juwmaqlarǵa alıp keledi. Oqıtıwshınıń tásirli sóylesiwi júdá úlken tárbiyalawshı kúshke de iye. Oqıtıwshı sózindegi logika, intonaciya, páttiń kúshi, dálillerdiń janlı hám isenerli bolıwı oqıwshılar sanasına, sezimlerine kúshli tásir kórsetedi, olardı pikirlewge hám dóretiwshilikke úyretedi, belgili juwmaqqa alıp keledi [3].

Oqıtıwshınıń sóylew sheberligi oqıwshılardıń bilim alıwdan basqa derekler, kórgizbeli qurallar hám tekstlerdiń mazmunın túsiniw, olar ústinde erkin islew hám pikir júritiwge jol ashıp beredi. Oqıtıwshılar sabaq processinde oqıw materiallardı awızeki bayan etip barıw menen shegaralanıp qalmastan, hár qıylı kórgizbeli qurallardanda paydalanadı. Oqıwshılarǵa puqta bilim beriwde kórgizbeli qurallar texnikalıq qurallar, kompyuterler oqıtıwshılardıń járdemshisi bolıp xızmet etsede, olar oqıwshılarǵa beriletuǵın tálim-tárbiyanıń tiykarǵı deregi bolǵan tásirli sóz ornın basa almaydı.

Oqıtıwshı sabaq processinde oqıwshılardıń oqıw materialların puqta ózlestirip alıwın támiyinlewge járdem beretuǵın túrli tekstler (sabaqlıqlar, oqıw qollanbaları, nızamlar, Prezident miynetleri, maqalalar, gazeta-jurnallar)dan paydalanadı. Olardıń mazmunın bayan etip beredi, túsindiredi, analiz etedi hám tiyisli juwmaq shıǵaradı.

Oqıtıwshılardıń erkin islew, pikirlew qábiletin shólkemlestiriwshi, olardıń aqılı hám qálbine jol ashıwshı tásirli sóz didaktikalıq talaplarǵa juwap beriwi kerek.

Sóylew sheberligi degende, awızeki usıldı ǵana emes, bálki oqıtıwshınıń ulıwma sabaq dawamında aytılıp turatuǵın sózin, úyde islep keliw ushın berilgen tapsırmalar mazmunın hám olardı orınlawdıń jolların túsindiriwge tiyisli sózlerin, ámeliy shınıǵıwdı baslawdan aldın bolatuǵın kiris sózin, oqıwshılarǵa beriletuǵın túrli jol-jobaların túsinikli bahalaw hám basqalardı túsiniw kerek.

Oqıtıwshınıń awızeki sóylewi oqıwshılardıń oqıw-úyreniw hám biliw iskerligin basqarıwdı, oǵan basshılıq etiwdiń metodikalıq usılları hám quralların da ózinde sáwlelendiredi. Ana tilin oqıtıwdan maqset oqıwshılarǵa bilim beriw hám bilimlerin payda etiw menen birge olardı mádeniyatlı etip tárbiyalaw wazıypalarında ámelge asırıw bolǵanlıǵı sebepli, oqıtıwshınıń ideyalıq-siyasiy tayarlıǵı, ádep-ikramlılıq kelbeti hám mádeniyatı áhmiyetli orın tutadı.

Oqıtıwshı óziniń túsinik beriw mazmunına watansúyiwshilik, milliy maqtanısh, milliy ideologiya, nızamlardı húrmet etiw, milliy qádiriyatlardı húrmetlew menen baylanıslı materialları kiritiwi kerek.

Sabaq hám sabaqtan tısqarı shınıǵıwlarda oqıtıwshınıń sózi arqalı berilgen bilim oqıwshılardıń aqılı menen birge, sezim tuyǵılarına da tásir kórsetken halda olardıń isenimine aylanıwı hám jámiyetlik iskerligin asırıwda áhmiyetli sebep bolıp xızmet etiwi múmkin.

Oqıwshılar oqıtıwshı bayanın ózlestiriwde geyde qıynaladı. Sonday waqıtta olar temalardı qálegen waqıtında qayta-qayta oqıp shıǵıwları múmkin, biraq oqıtıwshınıń bayanın qayta esite almaydı. Sonıń ushın, oqıwshılardıń úyreniwi ústinen oqıtıwshınıń baqlawı hám basshılıq etiwi ásirese úlken áhmiyetke iye. Oqıwshılardıń oqıtıwshı bayanın itibar hám qızıǵıw menen úyreniwin tómendegi jollar menen shólkemlestiriwi múmkin:

a) oqıtıwshı sabaqtıń wazıypaları, maqseti hám bayanınıń tiykarǵı jayların qısqasha aytıp beredi;

b) oqıtıwshı úyrenilip atırǵan temanıń áhmiyetligi yamasa qıyınlıǵın aytıp onı puqta túsinip, bilip alıw ushın ne qılıw kerekligin, ótilgen materiallarda nelerdi eslew zárúrligin, qosımsha qanday materiallardı oqıp shıǵıw zárúrligi hám basqalar esletip ótedi.

Bunda oqıtıwshı ilaji barınsha materiallardı bayan etiw rejesine muwapıq úziliksiz hám tezlik penen aytıp beriwi, bir máseleniń bayanı juwmaqlanǵanda oǵan juwmaq qılıp, keyingi máselege ótip atırǵanlıǵın eskertip barıwı, bir máseleden ekinshi máselege ótiwde oqıwshılar aldına tiyisli sorawlardı qoyıp barıwı da oqıtıwshı bayanınıń túsinikli bolıwına járdem beredi [2].

Baslawish tálim ana tili sabaqlarinda oqíwshílardí erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiwdiń hámme basqıshların da oqıwshılarǵa sabaqtı bayan etiw rejesin beriw hám hátte onı taqtaǵa jazıp qoyıw, materialdı usı reje tiykarında bayan etiw lazım boladı. Bul birinshiden, oqıtıwshı bayanınıń úziliksizligin támiyinlese, ekinshiden oqıwshılar alǵan biliminiń de anıq, puqta hám bekkem bolıwın, eń áhmiyetlisi onıń sistemalı ráwishte tezlik penen tolıq ózlestiriliwin támiyinleydi [1].

Oqıtıwshınıń bayanı awızeki usılı túrlishe gúrriń qısqa bayan táriyplew, túsindiriw, dodalaw, mektep bayanatı, sáwbet, ushırasıw túrinde alıp barıwı múmkin.

Dodalaw júritiwde – bilimniń mazmunı, hádiyse hám waqıyalardıń, qatnasıqlardıń mazmunı ashıp beriledi.

Oqıwshılar pikirlewge analiz etiwge úyretiledi. Oqıwshı pikiri tuwrı yamasa tuwrı emes ekenligi talqılaw júritiwde sheshiledi, talqılaw júritiw túsindiriw menen aralasıp ketiwi múmkin.

Analiz etiw, ulıwmalastırıw, sistemaǵa salıw, dodalaw usılları bayanattıń eń áhmiyetli táreplerin dúzedi.

Oqıtıwshı bayanat teması menen birge onı bayan etiw rejesin de xabardar etedi. Geyde bayanat rejesin bayanat etiw dawamında da xabardar etip barıwı múmkin. Oqıtıwshı oqıwshılardıń dıqqatın bayanattıń ideyalıq, siyasiy hám ádep-ikramlılıq tárepten áhmiyetli bolǵan táreplerine qaratadı. Oqıwshılardıń biliw belsendiligin aktivlestiriw, olardıń dıqqatın bayanattıń áhmiyetli táreplerine qaratıw maqsetinde sorawlar berilip barıladı. Mektep bayanatı bayan etilgen material júzesinen juwmaqlaw sáwbeti menen tamamlanadı [1].

Baslawish tálim ana tili sabaqlarında oqıwshılardı erkin pikirlew hám dóretiwshilikke úyretiwde kórgizbeli qurallardan paydalanıw oqıwshılarda ótilip atırǵan tema boyınsha anıq túsinik payda etedi, oqıwshılardıń esitiw iskerligine kóriw hám seziw organlarınıń iskerligi de qosıladı. Usı menen birge olardıń bilimi jánede tereńlesedi, bekkemlenedi.

Kórgizbeli qurallar oqıwshılardıń ana tilin oqıtıw metodikası páni túsiniklerine anıqlıq kirgiziw hám bul túsiniklerin konkretlestiriwge járdem beredi.

Kórgizbeli súwretler fakt hám hádiyseleriniń ishki mazmunın da ashıp beredi.

Kórgizbeli qurallar oqıwshılarda ana tilin oqıtıw metodikası páni túsiniklerin qáliplestiriwge, olardıń teoriyalıq nátiyjeler hám ulıwmalasqan juwmaqların sociallıq rawajlanıwınıń tiykarǵı nızamların, óz-ara baylanısların jaqsıraq túsinip alıwlarına járdem beredi, sonday-aq, oqıwshılardı estetikalıq tárepten tárbiyalawdıń áhmiyetli quralı bolıp xızmet etedi.

Kórgizbeli usılı:

a) ana tilin oqıtıw metodikası páni tiykarǵı dereklerinen biri bolıp xızmet etedi;

b) oqıw materialınıń bilim-tárbiya wazıypaların tabıslı ámelge asırıwda xızmet etedi;

v) oqıtıwshı bayanınıń anıq, obrazlı hám sezimli bolıwına járdem beredi;

g) oqıwshılardıń oqıw materialın úyreniwge qızıǵıwshılıǵın asıradı hám olardıń biliw iskerligin aktivlestiredi.

d) oqıtıwshınıń bayanın hám onıń sabaqta qollanǵan basqa oqıw usılların oqıwshılardıń túsinip alıwın jeńillestiredi;

e) oqıwshılardıń pikirlew iskerligin hám dóretiwshilik iskerligin ósiredi;

j) oqıwshılar biliminiń konkret, tereńirek hám bekkemlew bolıwına járdem beredi.

Kórgizbeli qurallar óziniń mazmunı, tayarlaw texnikası hám paydalanıw usıllarına qaray tómendegi túrlerge bólinedi:

1) Úskeneler (buyım) kórgizbelilik: arxitektura estelikleri, imaratlar, múlik, qımbat bahalı qaǵazlar hám basqalar;

2) Súwretli kórgizbeler: albomlar, súwretler, diafilm, kinofilm, video kórinisler hám basqalar.

3) Shártli kórgizbeli qurallar: sızılmalar, tekstler hám basqalar.

Ana tilin oqıtıwda oqıw filmlerinen paydalanıwdıń tómendegi tiykarǵı usılları usınıs etiledi:

–Oqıtıwshı óz bayanın oqıw filminiń eń áhmiyetli, eń anıq kadrlardı kórsetiw menen baylanıstırıp alıp baradı.

– 10-15 minutlı qısqa oqıw filmlerine baǵıshlanǵan sabaq ótiledi.

– Arnawlı kino sabaǵı shólkemlestiriledi.

– Sabaqtan tısqarı waqıtta film tamasha etiledi.

Oqıwshılardıń oqıw ámeliy iskerligi awızeki hám kórgizbeli oqıtıw usılı menen baylanıslı hár qıylı tapsırmalardı orınlawları dóretiwshilik izertlew isleri hám basqalardan ibarat.

Solay etip, tálim processiniń nátiyjeliligin asırıwda hám baslawısh klaslarda ana tilin oqıtıw metodikasında hár qıylı metodlar járdeminde oqıtıwda, oqıwshılardıń bekkem teoriyalıq bilim, iskerlik, kónlikpe hám tájiriybelerin bekkemlew, onıń kásiplik sheberlikke aynalıwın támiyinlew maqsetinde oqıtıw processinde jańa usıllardan paydalanıw dáwir talabı hám sociallıq zárúrlik sıpatında kún tártibine qoyılmaqta.

Baslawısh klaslarda ana tilin oqıtıw metodikasında túrli usıllar arqalı oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyanı engiziw arqalı oqıwshılarda erkin pikirlew hám dóretiwshilik qábiletleriniń rawajlanıwına erisiledi.Baslawısh klaslarda ana tilin oqıtıw metodikasında túrlishe metodlar arqalı oqıtıw – tálim processi kámil insan hám bilimli oqıwshını tárbiyalaw haqqındaǵı sociallıq buyırtpanıń orınlanıwınıń sıpat kórsetkishine iye bolıwına alıp keledi.

## Ádebiyatlar

1. Embergenova M.«Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası». 4-klaslar ushın oqıw metodikalıq qollanba. –N.: «Qaraqalpaqstan», 2013.
2. Qosimova K., Matchonov S., G`ulomova H., Yo`ldosheva Sh., Sariyev Sh.«Ona tili óqitish metodikasi». –T.: «Noshir», 2009.
3. Pirniyazov Q. «Baslawısh klaslarda qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası». -Nókis: «Bilim». 1993.

**REZYUME.** Ushbu maqolada boshlang‘ich sinflarda ona tili darslarida o‘quvchilarni mustaqil fikrlashga o‘rgatish usullari, o‘qitishdagi zamonaviy texnologiyalar, ularning boshqa fanlar bilan aloqasi, o‘qitish samaradorligini oshirish bo‘yicha fikrlar bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены методы обучения учащихся самостоятельному мышлению на уроках родного языка в начальных классах, современные технологии в обучении, их связь с другими дисциплинами, мнения о повышении эффективности обучения.

**SUMMARY.** This article presents the methods of teaching students to independent thinking in the lessons of the native language in classes, modern technologies in teaching, their connection with other disciplines, ideas on how to increase the effectiveness of teaching.

# OQÍTÍWSHÍNÍŃ ORATORLÍQ HÁM SÓYLEW MÁDENIYATÍN RAWAJLANDÍRÍW JOLLARÍ

**A.J.Kossheterova** – *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** notiqlik san’ati, o‘qituvchining nutq madaniyati, notiqlik tushunchasi, notiqlik madaniyati tarixi,
**Ключевые слова:** ораторское искусство, культура речи учителя, понятие ораторского искусства, история ораторской культуры,
**Key words:** oratory, teacher's speech culture, oratory concept, oratory culture history.

Turmısımızda insanlar ara qatnas júdá bir tereń, júda bir názik máselelerden biri bolıp tabıladı. Insanlar bir-biri menen sáwbetlesiw barısında hár túrli mimikada hám minez qulqta sóylesedi. Respublikamızda oqıtıwshılardıń mánáwiy jetik, kásiplik sheberliklerin asırıwǵa úlken itibar qaratılǵan. Sol tiykarda prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev “Álbette biz Jańa Ózbekstandı qurıw hám Úshinshi Renessans tiykarın jaratıwda zıyalılarımızǵa úlken isenim menen qaraymız” —dep atap ótedi. [1]. Haqıyqatında da prezidentimiz aytqanınday biz hár bir tarawda meyli ol isbilermenlik bolsın, meyli tálim tarawı bolsın, mámleketlik shólkemler bolsın hár biriniń rawajlanıwında zıyalılarımızdıń ornı ayrıqsha desek adasqan bolmaymız.

Húrmetli birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov Ózbekstan Respublikası Oliy májlisiniń 1997-jıl 29-avgusttaǵı IX sessiyasında sóylegen bayanatında «Óz pikirin ana tilinde erkin, taza, shıraylı hám anıq jetkerip bere almaytuǵın qánigeni yaǵnıy baslıq orındıǵında otırǵanlardı búgin